**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ**
**ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ**
**МИНИСТРЛИГИ**

**Әжинияз атындағы**
**Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты**

**«География пәни ҳәм оны оқытыўдың актуаль мәселелери»**
**атамасындағы**
**Республикалық илимий-теориялық**
**конференция**

# МАТЕРИАЛЛАРЫ

**«География фани ва уни ўқитишнинг долзарб масалалари»**
**мавзусидаги**
**Республика миқёсида илмий-назарий**
**анжуман**

# МАТЕРИАЛЛАРИ

# МАТЕРИАЛЫ

**Республиканской научно-теоретической конференции на тему**
**«Географическая наука и актуальные вопросы преподавания**
**географии»**

**НӨКИС-2018**

**УДК 91.910.**
**ББК 26.08.**
**Г.35**

**«География пәни ҳәм оны оқытыўдың актуаль мәселелери»** атамасындағы республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. Нөкис. НМПИ баспаханасы. 2018 ж.

**«География пәни ҳәм оны оқытыўдың актуаль мәселелери»** атамасындағы республикалық илимий-теориялық конференция материалларына Республикамыздың жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынлары педагог-хызметкерлери, үлкен илимий хызметкер-излениўшилер, магистрантлар, студентлер ҳәм улыўма билим бериў мектеплери муғаллимлериниң география пәни ҳәм оны оқытыўдың актуаль мәселелерине арналған илимий баянатлары киргизилген.

Конференция материалларының мазмуны ҳәм онда көрсетилген дереклердиң дурыслығына авторлар жуўапкер.

**Редколлегия қурамы:**

1. Қ.Оразымбетов -ректор, редколлегия баслығы
2. М.Жалелов -илимий ислер бойынша проректор, редколлегия баслығы орынбасары

***Редколлегия ағзалары:***

3. Э.Асамаддинов -Тарийх-география факультети деканы
4. Р.Гайпова -Географияны оқытыў методикасы кафедрасы баслығы
5. Қ.Сейтниязов - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы доценти
6. Г.Утепова - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы доценти
7. Ж.Абдираманов - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы үлкен оқытыўшысы
8. А.Нурланов - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы үлкен оқытыўшысы
9. А.Искендеров - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы үлкен оқытыўшысы
10. М.Раджапов - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы үлкен оқытыўшысы
11. А.Жолдасов - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы үлкен оқытыўшысы
12. Н.Отенов - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы ассистент оқытыўшысы
13. З.Турдыбекова - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы ассистент оқытыўшысы
14. А.Умарова - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы ассистент оқытыўшысы
15. С.Шынназарова - Баслаўыш тәлим кафедрасы, фил.и.к.
16. А.Заримбетов - Рус тили ҳәм әдебияты кафедрасы ассистент оқытыўшысы
17. Қ.Узақбаев - Географияны оқытыў методикасы кафедрасы ассистент оқытыўшысы, жуўаплы хаткер

**Пикир билдириўшилер:**

1. Е.Умаров -Әжинияз атындағы НМПИ География оқытыў методикасы кафедрасы доценти, география илимлериниң докторы
2. Р.Баллиева -Бердақ атындағы ҚМУ География кафедрасы доценти, тарийх илимлериниң докторы, география илимлериниң кандидаты

**Топлам Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының Илимий-оқыў-методикалық Кеңеси (4-май 2018-жыл, 8–санлы баянлама) қарары менен баспадан шығарыўға усыныс етилди.**

«Ekologiyalíq sharayatlardíń xalíq xojalíǵí tarawlaríníń rawajlaníwína tásiri»

**Abdiramanov J.B.,[1] Kunnazarova Z.M., Esbosinova U.T.[2]**
*[1]Ájiniyaz atındaǵı NMPI Geografiyanı oqıtıw metodikası kafedrası úlken oqıtıwshısı*
*[2] Ájiniyaz atındaǵı NMPI Geografiyanı oqıtıw metodikası tálim baǵdarı 4-kurs studentleri*

Házirgi waqıtta dúnyanıń qaysı bir regionın alıp qaramayıq, insan ómiri ushın úlken qáwip tuwdırıp atırǵan ekologiyalıq sharayattıń aldın alıwday awır mashqalalar óz sheshimin kútip turǵanlıǵınıń gúwası bolamız. Adamzat XXI ásirde jasar eken, onıń aldında álemdi asıraw, keleshek áwladtıń turaqlılıǵın támiyinlew, hár qıylı ekologiyalıq mashqalalardıń aldın alıw uqsaǵan áhmiyetli máseleler turǵan eken, bul hesh kimdi táshwishke salmay qalmaydı.

Barlıq ekologiyalıq mashqalalar insan menen tábiyat ortasındaǵı uyǵınlıq hám teń salmaqlıqtıń buzılıwı aqıbetinde júzege kelmekte.

Demek, tábiyattı qorǵaw, ekologiyalıq mashqalalardıń aldın alıw, ekologiyalıq talaplarǵa barqulla dıqqat qılıw ǵárezsiz mámleketimizdiń social-ekonomikalıq, huqıqıy máselesi bolıp ǵana qalmay, bálki ekologiyalıq siyasattıń tiykarına aylanıwı lazım. Sebebi usı mashqalalar ǵárezsiz mámleketimizdiń rawajlanıwı menen tikkeley baylanıslı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoev 2017-jıl 19-sentyabrdegi Birlesken Milletler Shólkemi Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasındaǵı bayanatında - “Búgingi kúnnıń eń ótkir ekologiyalıq mashqalalarınıń biri - Aral apatshılıǵına jáne bir ret itibarıńızdı qaratpaqshıman.

Mine, meniń qolımda - Aral apatshılıǵı súwretlengen karta. Oylayman oǵan artıqsha dálildiń keregi joq.

Biz BMSH tárepinen Aral apatshılıǵınan jábir kórgen xalıqqa ámeliy járdem kórsetiw boyınsha usı jıl qabıl etilgen arnawlı dástúrdiń tolıq ámelge asırılıwınıń táreptarımız» [1] degen sózleri ekologiyalıq mashqalalardı birgelikde sheshiwdi kórsetedi.

Keyingi jıllarda Oraylıq Aziya respublikalarınıń tábiyiy ortalıǵı, topıraq, suw, hawa ortalıqları, tábiyiy landshaftlarınıń tábiyiy jaǵdayları bir qansha ózgerislerge ushıradı. Ásirese bunday jaǵday Qaraqalpaqstan Respublikasınıń xalıq xojalıǵına, social-ekonomikalıq rawajlanıwına úlken zıyanlar keltirdi hám keltirmekte. Sol sebepli júzege kelgen mashqalalardı tereń úyreniw hám analiz etiw olardı aldın ala bes, onlaǵan jıllarǵa ózgerisleriniń boljawların beriw házirgi kúnniń baslı máseleleriniń biri esaplanadı.

Házirgi rawajlanıw dáwirinde respublikamızdıń sanaat, awıl-xojalıǵı tarawlarınıń nátiyjeli rawajlandırıw máselesi tiykarınan alǵanda bul regiondaǵı ekologiyalıq jaǵdaylarǵa tikkeley baylanıslı. Sonlıqtanda bul mashqalanı sheshiw maqsetinde ilimiy-izertlew jumısların alıp barıw búgingi kúnniń aktual máseleleriniń biri. Házirgi waqıtta Qaraqalpaqstan aymaǵında tábiyiy resurslardan paydalanıw hám onı qorǵaw boyınsha ilimiy-izertlew jumısları alıp barılmaqta.

Teńizdiń qurıwı menen baylanıslı aqıbetlerdi saplastırıw xalıqaralıq sheńberdegi háreketlerdi jedel birlestiriwdi talap etpekte.

Araldıń qurǵaǵan bóliminde samal tásirinde payda bolǵan háreketlegi qum uyımlarınıń Ámiwdárya deltasına qaray háreketin tosıw, shorlaqlardan kóterilip atırǵan duzlardıń qorshaǵan ortalıqqa jayılıwın kemeyittiriw maqsetinde onıń túbinde toǵayzarlar payda etiw barısında málim jumıslar ámelge asırılmaqda. Bul tarawda Qaraqalpaqstannıń toǵay xojalıǵı qánigeleriniń xizmetleriniń ornı úlken. Teńizdiń qurǵaǵan ultanında Shımbay, Qazaqdárya, Taxtakópir, Qaraózek hám Moynaq toǵay xojalıqlarınıń hár birine 25 mıń ga dan jer ajıratıp berilgen. Usı maydanlarda qaraseksewil tuqımın egiw jumısları ámelge asırılmaqta. Sońǵı jıllarda seksewil nállerin otırǵızıw jumısları da alıp barılmaqta. Máselen Germaniyalı qanigeler menen Qaraózek toǵay xojalıǵı qánigeleri birgelikte Araldıń qurǵaǵan bóliminde usınday kólemli jumıslar alıp barǵan.

Tap usınday qayırlı isler Ámiwdárya deltasınıń qumlı orınlarında da ámelge asırılmaqta. Sońǵı jıllarda 100 mıń gektardan aslam maydanda seksewilzarlar payda etildi.

Qaraqalpaqstannıń óndiriwshi kúshlerin rawajlandırıwda hám maqsetke muwapıq jaylastırıwda, sonday-aq, awıl xojalıǵı eginlerinen joqarı zúráát alıwda klimat sharayatları hám

klimat resursları baslı rol oynaydı. Sebebi awıl xojalıq eginlerin egiw hám olardan joqarı zúráát toplaw ekologiyalıq sharayatqa tikkeley baylanıslı.

Awıl xojalıq eginleri eń aldı menen klimat resurslarına iykemlesken túrde rawajlanadı. Qaraqalpaqstannıń klimat resursları hám klimat sharayatları sharwashılıq tarawların, ásirese búgingi kúndegi elimizde alıp barılıp atırǵan qımbat bahalı eksport siyasatın atqaratuǵın qarakól teri beretuǵın qarakól sharwashılıǵın hám ıssılıqtı talap etetuǵın awıl xojalıq tarawların rawajlandırıwda da úlken rol oynaydı.

Usıǵan sáykes aldaǵı waqıtları Aral teńizi suwınıń qurıwına baylanıslı respublikanıń klimat sharayatında qolaysız hádiyseler júz bermekte. Usıǵan muwapıq arqa zonada nátiyjeli temperaturalardıń qısqarıwına baylanıslı paxtashılıq egislik maydanlarınıń strukturasınan qısqartılıp, onıń ornına sharwashılıq, palız hám ovosh, tuxımlıq jońıshqa óndiriw hám pal hárreshilik tarawların rawajlandırıwǵa tuwra keledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtiń 2017-jıl 19-sentyabrdegi Birlesken Milletler Shólkemi Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasındaǵı bayanatı.

2. Даулетова Қ., Умаров Е.К. «Қарақалпақстанның тәбияти ҳәм хожалығы» Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989.

3. Умаров Б. Геоекологические аспекти изучения социально-экономического развития Республики Каракалпакстан. «Материалы международной конференции». Актобе, 2007 г.